



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ETIDYE KONDISYON CHALÈ EKSTRÈM NAN KOMINOTE DEFAVORIZE YO

*Lejislasyon (S.8431-A/A.10001-B) mande Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la pou mennen yon etid sou enpak kondisyon chalè ki pa pwopòsyonèl nan zòn iben yo*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.8431-A/A.10001-B) ki pral mande Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York pou etidye enpak kondisyon chalè ki pa pwopòsyonèl, otreman ke yo rekonèt kòm zile chalè iben, nan kominote defavorize yo.

"Chalè ekstrèm lan menase lavi ak byennèt anpil Nouyòkè yo chak ane, men patikilyèman sila yo ki nan kominote defavorize ak kominote moun koulè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap fini Semèn Klima a, n ap pran mezi pou rezoud chalè ekstrèm ak konbat chanjman klimatik. Etid sa a pral mete nou sou yon chemen pou pwoteje Nouyòkè yo epi fè eta a tounen yon kote ki pi an sante, ki pi dirab pou viv pou jenerasyon k ap vini yo".

Lejislasyon (S.8431-A/A.10001-B) mande Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, an konsiltasyon avèk konsèy kowòdinasyon jistis anviwònman an ak gwo travay jistis klimatik la, pou etidye enpak kondisyon chalè ki pa pwopòsyonèl nan zòn iben yo, patikilyèman nan kominote defavorize yo. Plizyè vil atravè eta a gen posibilité pou chalè yo ogmante akòz enfrastrikti ki pyeje ak estoke chalè pandan tout jounen an, ki se yon fenomèn ke yo rekonèt kòm efè zile chalè iben. Etid la pral idantifye kominote iben ki defavorize yo avèk konsantrasyon zile chalè, ki gen ladan rekòmandasyon sou fason pou idantifye, anpeche ak adrese enpak negatif sou sante ak anviwònman ki soti nan efè zile chalè iben epi idantifye finansman potansyèl pou fè fas ak enpak sa yo.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon sou Klima a, Basil Seggos, te deklare,** "Chanjman klimatik pa sèlman afekte anviwònman nou an, li deja kontribye nan konsekans sante piblik ki ka touye moun nan kominote ki istorikman chaje twòp akòz polisyon anviwònman an. DEC espere fè avanse etid enpòtan sa a avèk anpil patnè lokal, eta ak lejislatif nou yo epi li

pral kontinye travay anba lidèchip Gouvènman Hochul pou ede abòde chalè ekstrèm epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York ak Ko-prezidan Konsèy sou Klima Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare**, "Gouvènè Hochul angaje nan batay kont chanjman klimatik la epi li konprann ke pandan plizyè ane kominote defavorize yo te nan premye liy epi yo te sibi pi move enpak chalè ekstrèm ak polisyon danjere ki kontribye nan sant iben toupatou nan eta a. Yon fwa ke etid sa a fini, li pral sipòte efò New York ap fè pou reyalize jistis anviwònman an ak oryante benefis pou fanmi yo pou amelyore sante publik ak sipòte yon pi bon kalite lavi, atravè itilizasyon solisyón enfòme tankou refwadisman dirab ak abòdab ki pral mennen nan yon planèt ki pi an sekirite ak pi pwòp".

**Senatè Eta a Kevin Parker te deklare**, "Rechofaj mondal la te voye kominote iben anndan vil yo soti nan kaswòl pou fri a pou yo antre nan dife a. Kominote sa yo ki se sitou Afriken-Ameriken ak Latino te fè fas ak efè chalè chanjman klimatik ki pa pwopòsyonèl. Efè zile chalè sa yo te jwenn anfaz nan vil New York ete sa a avèk tisaj chalè ki dire de semèn. Nouvo lwa sa a pral bay Eta New York done li bezwen pou l konprann enpak sa yo epi devlope estrateji ak modalite pou bese yo. Mèsi Gouvènè Hochul paske w defann jistis anviwònman an".

**Manm Asanble Brian Cunningham te deklare**, "Etid sou efè zile chalè iben ki pral fèt kòm rezulta pwojè lwa sa a vize amelyore lavi kominote defavorize yo. Lè mwen idantifye kote zile chalè yo konsantre epi bay rekòmandasyon sou fason pou minimize enpak negatif sou sante ak anviwònman an, mwen gen konfyans rechèch sa a pral fè yon gwo enpak. Nou remèsye konsèy kowòdinasyon entè-ajans jistis anviwonmantal la ak gwoup travay jistis klimatik la davans pou rechèch yo".

**Direktè Egzekitif, Alyans Jistis Anviwònman Vil New York la, Eddie Bautista, te deklare**, "Alyans Jistis Anviwònman Vil New York (NYC Environmental Justice Alliance) ta renmen remèsye esponnsò prensipal Senatè Parker ak AM Cunningham, ansam ak Prezidan Asanble Heastie ak Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins pou lidèchip klimatik yo nan ede pwojè lwa sa a pase nan biwo Gouvènè Hochul la. Nou remèsye tou Gouvènè Hochul pou devouman li nan abòde ak diminye enpak klima ekstrèm tankou chalè ekstrèm. Etid pwojè lwa sa mande a pral ede pi byen eksplike efè zile chalè iben ki pa pwopòsyonèl ak konsekans chalè ekstrèm ki gen rapò ak kominote defavorize yo ap fè fas. Nan asire etid sa a egzekite an konsiltasyon avèk gwoup jistis anviwònman yo ak Gwoup Travay Jistis sou Klima a, yo te asire ke moun ki sibi plis enpak yo, sijè etid sa a, patisipe anpil nan pwosesis la, sa k ap pèmèt yo aji kòm lidè nan pwosesis la epi dikte sa yo kwè ki pi enpòtan ak itil nan kominote yo".

**Direktè Règleman WE ACT for Environmental Justice la, Sonal Jessel, te deklare**, "Non sèlman chalè ekstrèm se enpak ki pi mòtèl nan chanjman klimatik, li touye moun Nwa/Afriken Ameriken yo de fwa pi souvan pase lòt gwoup rasyal ak etnik nan Vil New York. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan abòde pwoblèm enpòtan jistis

anviwònman an, epi nou espere bay Depatman Konsèvasyon Anviwònman an nenpòt asistans nou kapab".

**Peter M. Iwanowicz, Direktè Egzekitif Environmental Advocates NY, te deklare,** "Yon fason klè ke kriz klimatik la te afekte New York se atravè chalè ekstrèm. Sa a se laverite espesyalman nan zòn kote yon eritaj nan politik rasis tankou diskriminasyon (redlining) kontinye ap afekte moun k ap viv ladan yon fason ki pa pwopòsyonèl, bloke yo sou yon 'zile chalè.' Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a ki pral rasanble enfòmasyon kle sou zile chalè sa yo epi ki pral vini ak yon plan pou korije mal pase yo".

**Prezidant Lig Konsèvasyon Elektè New York la, Julie Tighe, te deklare,** "Efè zile chalè a mete moun k ap viv nan kominate defavorize yo an danje epi li frape pòch moun ki gen mwens mwayen pou yo. Lig Konsèvasyon Elektè New York yo felisite Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè Iwa sa a, ki se yon etap enpòtan nan repare tò enjistis anviwònmantal nan pase ak moman aktyèl la. Pwojè Zile Cho a pral asire ke enfòmasyon yo rasanble, epi apati de sa, yo ka mete solisyon yo an plas pou yon peyizaj iben ki pi vèt, ki pi ekitab".

Eta New York ap déjà pran mezi administrativman pou adrese chalè ekstrèm nan kominate iben yo, enkli ak fòmasyon [Plan Aksyon pou Chalè Ekstrèm](#), yon inisyativ Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) dirije ansanm ak Depatman Konsèvasyon Anviwònman (DEC). Rekòmandasyon pwovizwa pou Plan Aksyon Chalè Ekstrèm yo te pibliye 23 jiyè 2022. Plan an konsantre espesyalman sou kominate ki afekte nan fason ki pa pwopòsyonèl pa polisyon anviwònman ak chanjman klimatik la epi idantifye eka nan apwoch ki egziste Eta a pou diminye risk enpak chalè ekstrèm nan domèn travay, lwazi, ak kominate ki defavorize yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418